

# **PWOTEJE DLO POTAB OU ENSTALE YON APARÈY POU ANPECHE REFOULMAN DLO**

Chak jou, DEP livre 1 milya galon dlo fre ak pwòp ki soti nan rezèvwa dlo pòtab 8.6 milyon rezidan New York. Epi tou nou fè plis pase 650,000 tès kalite dlo pòtab chak ane ak travay pou evite kontaminasyon nan rezèv dlo a avan sa rive. Men, si koneksyon nan sistèm plonbri ou a pa byen pwoteje ak yon aparèy pou anpeche refoulman dlo, rezèv dlo piblik la arisk pou li vin kontamine.



## Kisa kontaminasyon refoulman dlo ye?

Rezèv dlo vil la pouse dlo pòtab ou a nan plonbri pwopriyete ou a ak presyon epi li ta dwe koule nan yon sèl direksyon. Pafwa, paske gen chanjman nan presyon tiyo yo, dlo a ka koule pa dèyè nan liy dlo vil la epi li ka kontaminte rezèv dlo piblik la ak poupou moun oswa pwodui chimik.

## Kijan mwen ka pwoteje dlo pòtab mwen?

Eta New York egzije pou sèten pwopriyete ak biznis enstale, kenbe, ak teste aparèy pou anpeche refoulman dlo, ki anpeche dlo kontamine koule pa dèyè nan rezèv dlo prensipal la. Si ou pa fè sa ou ka gen amann pou peye oswa yo ka koupe sèvis dlo ou.

## Ki pwopriyete ki nesesè pou Aparèy Prevansyon Refoulman Dlo yo?

- Pwopriyete ki gen sistèm irigasyon oswa awozaj yo
- Garaj Reparasyon Machin
- Estidyo Kwafè ak Estidyo Bote
- Kote yo Lave Machin
- Enstalasyon Medikal, Dantè, Laboratwa, ak Veterinè
- Kote yo Lave Rad ak Dray

\*Pou yon lis konplè pwopriyete yo, ale sou [nyc.gov/dep/backflow](http://nyc.gov/dep/backflow).

## Èske ou gen kesyon?

Ale sou [nyc.gov/dep/backflow](http://nyc.gov/dep/backflow), voye yon imèl bay [connections@dep.nyc.gov](mailto:connections@dep.nyc.gov), oswa rele 311.

Para una copia en español, visite [nyc.gov/dep/backflow](http://nyc.gov/dep/backflow)

中文翻译, 请访问 [nyc.gov/dep/backflow](http://nyc.gov/dep/backflow)

Этот документ на русском языке опубликован на сайте [nyc.gov/dep/backflow](http://nyc.gov/dep/backflow)

Pou yon kopi nan lang kreyòl ayisyen, vizité [nyc.gov/dep/backflow](http://nyc.gov/dep/backflow)

한국어 복사본이 필요하시면, [nyc.gov/dep/backflow](http://nyc.gov/dep/backflow)를 방문하여 주세요.

Aby uzyskać kopię w języku polskim, należy odwiedzić [nyc.gov/dep/backflow](http://nyc.gov/dep/backflow)

বাংলা কপির জন্য, অনুগ্রহ করে [nyc.gov/dep/backflow](http://nyc.gov/dep/backflow) ওয়েব সাইটে যোগাযোগ করুন

Pour lire ce document en français, visitez [nyc.gov/dep/backflow](http://nyc.gov/dep/backflow)

للحصول على نسخة باللغة العربية، الذهاب إلى [nyc.gov/dep/backflow](http://nyc.gov/dep/backflow)

اردو ترجمہ کے لیے [nyc.gov/dep/backflow](http://nyc.gov/dep/backflow) ملاحظہ کریں۔